



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 22/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN KOMISYON POU DWA VÒT FANM YO NAN ETA NEW YORK

Komisyon ki gen 14 Manm lan te Òganize Reyinyon Inogirasyon nan Seneca Falls, Ki se Lye Nesans Mouvman Dwa Fanm yo

Lyetnan Gouvènè Kathy Hochul Te Eli kòm Prezidant Komisyon an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jounen jodi an lansman Komisyon pou Komemorasyon 100yèm Anivèsè Dwa Vòt Fanm yo nan Eta New York, ki pral responsab pou yon seri pwogram nan tout eta a ki pral selebre dwa vòt fanm yo nan Eta New York. 14 manm komisyon an yo pral travay pou pwomouvwa anivèsè dwa vòt fanm yo ant 2017, ki make 100 an depi lè fanm yo te ranpòte dwa pou vote nan Eta New York, ak 2020, ki se yon syèk apre 19yèm Amandman te ratifye.

“Eta New York te toujou goumen pou dwa fanm yo depi kòmansman mouvman an nan Seneca Falls an 1848, pou rive nan adopsyon istorik Ajennda Egalite Fanm yo nan lane 2015,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan n’ap reflechi sou kantite pwogrè eta ak nasyon nou an te fè pandan dènye syèk la, nou dwe sonje tou ki kantite travay ki rete pou fè pandan n’ap kontinye batay pou egalite toutbon.”

“Nou pral pote mesaj egalite fanm yo tout kote atravè Eta a pandan twa pwochèn ane yo, nan selebre sa fanm yo te akonpli, ansanm ak kontribisyon yo nan istwa nou an,” **se sa Lyetnan Gouvènè Kathy Hochul, ki se Prezidant Komisyon an, te deklare.** “Menm lè a tou, antan ke fanm ki eli nan pi wo nivo nan eta a, mwen espere ke nou ap ka enspire pwochèn jenerasyon jèn fi yo ki vle leve kanpe epi akonpli gwo bagay pou pwòp tèt pa yo.”

Komisyon pou Komemorasyon 100yèm Anivèsè Dwa Vòt Fanm yo nan Eta New York lan te jwenn esponsò Senatris Betty Little ak Aileen Gunther ki se Manm Asanble, epi Gouvènè Cuomo te siyen li kòm pwojè lwa an Novanm. Pandan reyinyon inogirasyon an, manm Komisyon an yo te prezante plan pou evènman komemorasyon yo òganize pandan twa pwochèn ane yo ki mete aksan sou bagay istorik ke fanm yo te akonpli.

Komisyon an konpoze de reprezantan nou pral site la yo:

- **Rose Harvey**, ki se Komisè Pak, Rekreyasyon ak Konsèvasyon Istorik

- **Doktè Jennifer LeMack**, ki se Chèf Konsèvatris Istwa Mize Eta New York (ki te nonmen pa komisè edikasyon an)
- **Howard Zensky**, ki se Prezidan, CEO ak Komisè Devlopman Ekonomik
- **Dare Thompson**, ki se Prezidan Lig Votè Fanm Eta New York yo
- **Noemi Gazala**, ki se Sipè-entendant Pak Istorik Nasyonal Dwa Fanm yo
- **Deborah Hughes**, ki se Prezidan Mize ak Kay Susan B. Anthony
- **Sally Roesch Wagner**, ki se Direktris Fondasyon Matilda Joslyn Gage
- **Susan Zimet**, Prezidan 2020: Project Women, Inc.
- **Kathleen Neville**, Manm Direksyon Konsèy New York pou Imanite

An plis, Komisyon an pral gen ladan moun sa yo ke yo te nonmen:

- **Kathy Hochul**, Lyetnan Gouvènè (ki te nonmen pa Gouvènè Cuomo)
- **Sen. Betty Little** (ki te nonmen pa prezidan pwovizwa Sena a)
- **Eve Waltermaurer**, Direktris Rechèch ak Evalyasyon nan The Benjamin Center, SUNY New Paltz (ki te nonmen pa pòt pawòl Asanble a)
- **Senatris Velmanette Montgomery** (ki te nonmen pa lidè minorite nan Sena a)
- **Christina Lotz**, Grefye Konte Seneca (ki te nonmen pa lidè minorite nan Asanble a)

Eta New York se lakay premye Konvansyon Dwa Fanm yo depi toutan, ki te òganize nan Seneca Falls, nan dat 19 ak 20 Jiyè 1848, epi ki te òganize pa Lucretia Mott ak Elizabeth Cady Stanton. Swasant nèf lane apre, nan dat 6 Novanm 1917, fanm nan Eta New York te ranpòte dwa pou yo vote. Twa zan apre, 19yèm Amandman te ratifye, epi bay tout fanm dwa pou yo vote, jan sa pwoteje anba Konstitisyon Etazini an.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418